

## **BAB V**

### **KACINDEKAN JEUNG RÉKOMÉNDASI**

Dumasar kana hasil analisis jeung pedaran , dina ieu bab baris dipedar ngeunaan tilu hal nyaéta (1) kacindekan jeung (2) rékoméndasi.

#### **1.1 Kacindekan**

Dumasar kana hasil panalungtikan, panalungtikan ieu ngagambarkeun ngeunaan: prosési upacara Buku Taun, unsur sémiotika dina upacara Buku Taun, unsur étnopédagogik dina upacara Buku Taun, jeung hasil panalungtikan pikeun bahan pangajaran di SMP kelas VIII.

##### a) Déskripsi upacara Buku Taun

Buku Taun mangrupa upacara nu dilaksanakeun ku masarakat nu aya di Désa Borogojol Kecamatan Lemahsugih Kabupatén Majaléngka. Désa Borogojol mangrupa wewengkon nu aya di pagunungan, jadi masarakatna miboga pakasaban tatanén jeung ngebon. Ku sabab kitu, di désa Borogojol aya tradisi Buku Taun nu raket patalina jeung kagiatan tatanén.

Buku Taun mangrupa kagiatan nu dilaksanakeun sataun sakali, miboga ma'na hiji tangkal awi nu miboga ruas di tengah-tengahna nu nandakeun yén dina sataun aya dua kali panén. Buku Taun dilaksankeun dina waktu tengah-tengah sabada panén kahiji biasana bulan Juni. Kusabab kadieunakeun kagiattanna dihijikeun jeung Uar, saeunggeus badami antara sesepuh jeung tokoh-tokoh désa, kagiatan Buku Taun téh dilaksanakeun dina unggal awal bulan Muharam dina poé Senén.

Buku Taun dilaksanakeun salila dalapan poé. Tujuh poé tatahar dimimitian dina poé Senén, poé kadalapan kudu ninggang dina poé Senén deui mangrupa puncakna kagiatan. Tina runtulan kagiatan nu sakabéhna aya 28 tahapan dilaksanakeun salila dalapan poé aya opat tahapan nu mangrupa pokok kagiatan nyaéta 1) gobyagan, 2) ngabaliung, 3) uar, sarta 4) ngalaksa.

Dina prak-prakan upacara Buku Taun aya 29 runtulan kagiatan, nyaéta:

- 1) Gobyagan
- 2) Badami
- 3) Béwara

Rikeu Andriyanti, 2020

*UPACARA BUKU TAUN DI DÉSA BOROGOJOL KECAMATAN LEMAHSUGIH KABUPATÉN MAJALENGKA (ULIKAN SÉMIOTIKA JEUNG ÉTNOPÉDAGOGIK)*

Universitas Pendidikan Indonesia | [repository.upi.edu](http://repository.upi.edu) | [perpustakaan.upi.edu](http://perpustakaan.upi.edu)

- 4) Nyekar
- 5) Ngala daun congkok, cariang, pucuk kawung, kajar-kajar
- 6) Kepala désa (kuwu) ngala cai ka cinyusu nu aya di sabudeureun désa Borogojol, nyaéta Cipangdéan jeung Cipangrapihan
- 7) Nyieun sawén
- 8) Nyieun sawén pangrajah dilima titik
- 9) Uar
- 10) Hajat nutu
- 11) Nutu paré atawa mitembeyan meuseul
- 12) Kepala désa puasa
- 13) Mersihan makam karamat sarta nyiapkeun pakakas nu baris digunakeun dina waktu ngalaksa
- 14) Napi
- 15) Ngisikan atawa nyiraman Nyai
- 16) Nginebkeun Nyai
- 17) Meuseul geulis
- 18) Ngabaliung
- 19) Numbuk cikal
- 20) Nyieun orok-orok atawa ngadonan Nyai
- 21) Ngaji Yasin di makam kulawarga masing-masing
- 22) Kepala Désa, aparat désa, tamu nu diondang, sakabéh masarakat indit ka makam Éyang Brogogati
- 23) Biantara
- 24) Hadoroh
- 25) Nyepitan Nyai
- 26) Ngalaksa
- 27) Ngahurip
- 28) Hajat Buku Taun
- 29) Babagi dahareun

Tina 29 runtusan kagiatan éta dibagi jadi tilu bagian nyaéta saméméh kagiatan, waktu lumangsung kagiatan, jeung sabada kagiatan.

a. Unsur Sémiotika dina Upacara Buku Taun

Tilu rupa tanda dumasar sémiotika model Peirce nyaéta ikon, indéks, sarta simbol nyampak dina unggal pakakas jeung paripolah Buku Taun, saperti dina tempat upacara, palaku upacara, waktu upacara, prak-prakan upacara, kalengkepan upacara, sarta sasajén upacara. Dumasar hasil analisis kapanggih aya 117 unsur sémiotik nu aya dina upacara Buku Taun ngawengku 5 ikon, 38 indéks, 74 simbol. Anu mangrupa ikon nyaéta imah Kepala Désa, Kepala Désa, Camat, paré huma, jeung baliung. Anu mangrupa indéks nyaéta balong, gunung Cakrabuana, ketua adat, panata calagara, Uar, nyieun orok-orok, békara, mitembayan meuseul, napi, nyiraman Nyai, nginebkeun Nyai, meuseul geulis atawa nipung, ngabaliung, hadoroh, boboko, jubleg, halu, hawu, baskom, kancah, nyiru, gelas, piring, séndok, sé'eng, aseupan, dingkul, émbér, daun congkok, daun kajar-kajar, daun cariang, combrang, kili-kili,sangu, jeruk nipis, sarta jambé. Sedengkeun simbol kapaluruh dina Cipangdédéan jeung Cipangrapihan, Makam Keramat Éyang Brogogati, Aki Kuncén, Ibu Kepala Désa, Ema Goah, masarakat, gobyagan, Hajat Nutu, Mitembayan Meuseul teu keur haid, badami, békara, ngaji Yasin di makam kulawarga masing-masing, orok-orok diais ku Ema Goah, Aki Kuncén ngado'a, Ema Goah ngasupkeun orok-orok, ngagencét ku aparat désa sarta masarakat, nyepitan Nyai, ngalaksa, ngahurip, Hajat Buku Taun, babagi dahareun, indung paré diasupkeun ku Ema Goah kana lisung, indung paré ditutuan ku Ibu Kepala Désa, jambangan, kemplung, alu-alu, cacadan, sawén, takir, lauk cai, leupeut, hahampangan, goréngan, puncak manik, endog hayam kampung dua, tangkue, bakakak, angeun lompong, lauk emas dibeuleum, beuleum oncom, pais peda, pais beunyeur asin, pais beunyeur amis, ketan hideung, ketan beureum, congcot, peueut dina batok, rujak tujuh rupa, seupaheun, menyan bodas, menyan hideung, madat, bako hideung, bako tampang, daun kawung (kolobot), rampé, sarta hodéng. Tina unsur-unsur tanda anu kapaluruh jumlah simbol anu pangeuyeubna dina upacara Buku Taun.

b. Unsur étnopédagogik dina upacara Buku Taun nyaéta

1) Moral manusa ka Pangéran

Kapanggih aya dalapan unsur kana ajén moral manusa ka Pangéran, di antarana dina: (1) Uar, (2) Hajat nutu, (3) Ema Goah ngadu'a saméméh prung nutu, (4) wanoja nu bersih teu keur haid, (5) Makam keramat Éyang Brogogati, (6) Ngaji Yasin di makam kulawarga (7) Ngadu'a jeung hadoroh ku Aki Kuncén (8) Baju gamis/baju muslim, (9) Puasa.

Pedaran tina moral manusa ka Pangéran nunjukeun ajén-inajén atikan religius, patali jeung sikep taat dina ngalaksankeun ajaran agama ogé hirup rukun masarakat nu agamis.

2) Moral manusa ka dirina

Hasil analisis dumasar kana data, kapanggih aya lima unsur anu asup kana ajén moral manusa ka dirina, di antarana dina: 1) Badami, 2) Béwara, 3) ngala daun congkok, ngala daun kajar-kajar, ngala daun cariang, mitembayan meuseul, nyiraman Nyai, nginebkeun Nyai, meuseul geulis, ngabaliung, nyiapkeun jeung tatahar properti, sarta ngalaksa, 4) Aub kana kagiatan Buku Taun, 5) baju pangsi jeung iket.

Pedaran tina moral manusa ka dirina nunjukeun ajén-inajén sopan, silih ajénan, jujur, leukeun gawé, tanggung jawab, hadé haté, sarta nyaah ka lemah cai.

3) Moral manusa ka papada jalma

Hasil analisis dumasar kana data, kapanggih aya dua unsur anu asup kana ajén moral manusa ka papada jalma, di antarana dina: (1) badami jeung (2) babagi dahareun.

Pedaran moral manusa ka papada jalma nunjukeun ayana ajén-inajén toléransi.

4) Moral manusa ka alamna

Hasil analisis dumasar kana data, kapanggih aya dua unsur anu asup kana ajén moral manusa ka alamna, di antarana dina: (1) ngala cinyusu ka Cipangdééan jeung Cipangrapihan (2) sawén pangrajah di lima titik.

Pedaran moral manusa ka alam nunjukeun ajén-inajén maliré ka alam lingkungan sabudeureunna.

5) Moral manusa ka Waktu

Hasil analisis dumasar kana data, kapanggih aya genep unsur anu asup kana ajén moral manusa kana waktu, di antarana dina: (1) békara, (2) Mitembeyan meuseul (3) Nyieun baliung, (4) Nyieun orok-orok, (5) Nginebkeun, (6) Ngalaksa.

Pedaran moral manusa ka waktu nunjukeun ajén-inajén disiplin. Manusa kudu disiplin dina ngokolakeun waktu, supaya naon nu ku dirina dipilampah saluyu jeung kahayang sarta aturan-aturan.

6) Moral Manusa dina Ngahontal kasugemaan Lahir jeung Batin

Hasil analisis dumasar kana data, kapanggih aya dua unsur anu asup kana ajén moral manusa dina ngahontal kasugemaan lahir batin, di antarana dina: (1) Ngala daun congkok ka Gunung Cakrabuana, (2) Ngadahar baliung jeung laksa.

Pedaran moral manusa dina ngahontal kasugemaan lahir jeung batin nunjukeun ajén-inajén étika jeung éstética.

c. Hasil panalungtikan pikeun bahan pangajaran nulis artikel di SMP kelas VIII

Hasil analisis sémiotika jeung étnopédagogik upacara Buku Taun dijieuun bahan ajar dina wangu artikell. Artikel upacara Buku Taun mangrupa média nu utama dina pangajaran bahasan budaya Sunda di SMP kelas VIII. Artikel ieu dimangpaatkeun pikeun nepikeun salah sahiji modél bahan ajar tradisi nu aya di tatar Sunda ka para siswa sangkan siswa bisa nyangking hal-hal naon waé nu aya dina éta tradisi nu aya dina tradisi jeung nyangking ajén-inajén dina upacara Buku Taun. Nilik kana *Kompetensi Dasar dan Indikator Pencapaian kompetensi Mata Pelajaran Bahasa dan Sastra Sunda*, pangajaran nyusun artikel nu aya patalina jeung seni budaya Sunda aya di kelas VIII

## 1.2 Rékoméndasi

Panalungtikan upacara Buku Taun dipiharep bisa ngeuyeuban kajembaran tradisi nu aya di tatar Sunda jeung bisa nambahana pangaweruh di dunya atikan

pikeun mekarkeun ajén-inajén atikan dumasar kana étnopédagogik. Sasaran tina ieu panalungtikan téh nyaéta nu ditataan di handap ieu.

a. Lembaga atikan

Lembaga atikan dipiharep ngamangpaatkeun hasil panalungtikan pikeun mekarkeun ajén-inajén kasundaan ka para siswa, jeung bisa dijadikeun salah sahiji bahan pangajaran sangkan diaprésiasi ku para siswa. Ku kituna, diperlukeun pangrojong ti lembaga atikan pikeun mekarkeunana.

b. Guru

Guru dipiharep bisa ngamangpaatkeun hasil panalungtikan pikeun média pangajaran, sangkan para siswa wanoh kana rupa-rupa tradisi Sunda. Antukna bisa numuwuhkeun kareueus dirina kana budaya Sunda

c. Siswa

Siswa dipiharep leuwih jembar mikawanoh kana rupa-rupa tradisi di tatar Sunda. Salian ti éta, ieu hasil panalungtikan bisa méré inportasi tambahaan ngeunaan ajén-inajén étnopédagogik nu aya dina tradisi Buku Taun pikeun ngawangun karakter positif dina dirina.

d. Pamaréntah

Ka hareupna dipiharep Buku Taun dijadikeun agenda taunan ku pamaréntahan pikeun ngeuyeuban budaya nu aya di Kabupatén Majaléngka